



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYIZANS NAN LAPOLIS ETA A POU ANKETE SOU YON SERI ATAK KONT JWIF ASIDIK YO NAN WILLIAMSBURG

"Mwen santi mwen degoute ak seri atak Lendi yo sou Jwif Asidik (Hassidic Jews) yo nan Williamsburg. Nan New York, nou gen absoliman zewo tolerans pou zak detestab sa yo; yo totalman inakseptab ak repiyan pa rapò ak valè divèsite ak enklizyon nou yo.

Mwen ap bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon Kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta (New York State Police Hate Crimes Task Force) a pou bay Depatman Lapolis New York (New York Police Department, NYPD) lan nenpòt resous ki nesèsè pou ede nan ankèt sou ensidan sa a epi pou asire ke sila yo ki responsab yo pral sibi konsekans nan tout dimansyon lalwa pèmèt.

Anti-Semitis se yon kansè ki ap grandi ke yo te enjekte nan kò nasyon an men nan New York nou pral kanpe ini epi avèk yon sèl vwa kondane nenpòt epi tout zak rayisans ak entolerans".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)